

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Sabada ngaliwatan léngkah-léngkah panalungtikan pikeun nalungtik dua sumber primer nyaéta novel *Kalajengking* jeung novel *Study in Scarlet*, kahontal sawatara tujuan panalungtikan sakumaha anu ditepikeun saméméhna. Panalungtikan nu dikasantukangan ku dua novel nu sarua jenisna nyaéta jenis detektif, dua novel nu béda bahasana, béda nagara asalna, jeung béda mangsa medalna tapi boga sasaran, nyaéta nyaritakeun tokoh nu sarua boga karep pikeun nalungtik kasus kajahatan.

Anapon tujuan tina ieu panalungtikan téh pikeun maluruh patalina NK jeung NSIS tina jihat plot jeung penokohan, sarta pikeun ngabandingkeun NK jeung NSIS. Sanggeus ngaliwatan léngkah-léngkah panalungtikan ti mimiti ngagunakeun pamarekan objektif pikeun marekan dua karya nu ditalungtik sarta pikeun kahontalna tujuan panalungtikan, maka dipilih metode deskriptif analisis komparatif. Tuluy dina ngaanalisis objék panalungtikan, péso analisis nu dipaké téh diantarana aya tiori fiksi Stanton, pamarekan sastra bandingan, jeung dipakéna tiori ngeunaan téhnik-téhnik plot jeung penokohan ti sawatara ahli nu geus moyan. Ku kituna, sanggeus ngaliwatan sawatara léngkah-léngkah panalungtikan nu disebutkeun tadi, kapanggih sawatara hasil, hasi-hasil panalungtikan nu kacangking téh dipedar ieu di handap.

Hasil nu kacangking tina tujuan umum panalungtikan téh kapanggih sanggeus ngabandingkeun NK jeung NSIS tina jihat plotna jeung penokohana. Antara NK jeung NSIS nyampak ayana kakaitan antar unsur pangwangunna atawa disebut *afinitas*, najan henteu sakabéh unsur patali langsung tapi sakur sasaran sawaréh unsur, utamana nu aya dina plot jeung penokohan NK jeung NSIS. Luyu jeung tiori anu digunakeun, yén dina praktik sastra bandingan urang bisa ngabandingkeun kakaitan, sasaran jeung bébédaan unsur intrisik dina karya sastra.

Sedengkeun hasil nu kacangking dumasar tujuan husus panalungtikan téh diantarana waé. Upama nilikan dumasar tiori anu digunakeun, plot nu alus téh nyaéta nu boga ajén *kausalitas* sarta *plausibilitas*. Éta ajén téh nyampak dina dua objék boh NK, boh NSIS nu ditalungtik. Najan, boh dina NK jeung NSIS kapanggih ogé kajadian nu teu *plausible*.

Ditilik nurutkeun kamandang Todorov ngeunaan jenis carita detektif. NK jeung NSIS kaasup jenis novel detektif *the whodunit*, lantaran aya ciri husus nu nunjukeun NK jeung NSIS kaasup jenis carita detektif *the whodunit*, diantarana: para pangarangna pada sarua merhatikeun kaidah pemlotan sangkan meunang *efek* nonjok di tungtung atawa *efek surprise*.

Tina tahapan plot nu dipopoyankeun ku Tasrif nyampak tahapan éta téh aya dina NK jeung NSIS, ti mimiti *generating circumstances-rising action-climax-denouement*. Kapanggih ayana bébédaan tina kronologis plot jeung jumlah plot dina novel NK jeung novel NSIS. Dumasar Kronologis NK ngagunakeun plot lurus, sedengkeun NSIS ngagunakeun plot campuran. Dumasar jumlah plot NK boga plot tunggal sedengkeun NSIS boga plot ganda.

Aya sasaruuan ngeunaan téhnik pangarang dina ngagambarkeun tokoh boh dina NK jeung NSIS sarua lewih loba ngagunakeun téhnik penokohan *Reaction of evens* di caritaan. Téhnik ieu loba dipaké pangarang pikeun nunjukeun tokoh nu reaktif kana tiap kajadian nu aya dina caritaan.

5.2 Implikasi jeung Rékoméndasi

Dina hiji panalungtikan teu leupas tina ngaranna kaonjoyan jeung kahéngkérangan. Sacara umum ieu panalungtikan miboga kahéngkérangan dina sababaraha aspék, tapi tetep miharep yén kaonjoyan dina ieu panalungtikan bisa mawa kana kahadéan, utamana dina nambahan pangaweruh jeung kamekaran dina sastra bandingan. Dumasar kana hasil panalungtikan nu dicangking aya sawatara implikasi jeung rekomendasi:

- 1) Pikeun mahasiswa, bisa dijadikeun referensi panalungtikan nu leuwih hadé kahareupna. Lantaran panulis sadar ieu panalungtikan can bérés masih kénéh aya potensi hasil panalungtikan nu can kacangking pikeun ditalungtik deui

leuwih jero saperi *afinitas* jeung *intertekstualitas* tina NK jeung NSIS ogé *hipogram* tina karya-karya novel nu sajenis.

- 2) Pikeun tempat kuliah panulis, ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan referensi dina mata kuliah pilihan sastra bandingan di Departemen Pendidikan Bahasa Daerah, FPBS, UPI.
- 3) Pikeun pamaréntah atawa penerbit buku tina ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi tinimbangan pikeun diayakeunna penerbitan buku-buku tiori sastra bandingan dina basa Sunda sangkan ngeuyeuban bahan literasi sastra.